

Mwen enkyete pou sante konpòtman pitit mwen an. Kijan m ka jwenn èd pou yo?

Kisa mwen ka fè si pitit mwen an gen yon kriz?

- **Rele 911**, si ou menm oswa yon moun ou konnen ap fè eksperyans yon kriz sante konpòtman epi ou bezwen asistans tousuit.
- **Rele 988**, pou nenpòt timoun oswa granmoun ki gen yon ijans sante konpòtman.
- **Ale nan yon sant kriz timoun oswa sant swen ijan.**
 - **Philadelphia Children's Crisis Response Center (Sant repons ak kriz lakay timoun nan Filadèlfi) (PCCRC)**, Laj 3-17
 - 3300 Henry Ave, Falls Center 2, Suite 3N | 215-878-2600
 - **CHOP Crisis Response Center (Sant Repons Kriz CHOP)**, Laj 5-17
 - 501 S 54th St | 445-428-5800
 - **PATH Children's Urgent Care Center (PATH Sant tretman ijan pou timoun) (UCC)**, Laj 3-21
 - 1è pm - 5è pm, Len-Van | 1919 Cottman Ave | 215-728-4651
- **Ale nan sal dijans lopital ki pi pre a.**

Kisa mwen ka atann si mwen rele 988 sou konpòtman pitit mwen an?

- **Sipò pa Telefòn oswa pa Tèks** Yon konseye kriz ki resevwa fòmasyon ka sipòte apezman, ofri ladrès adaptasyon epi bay resous pou sipòte nan moman an.
- **Repons Ekip Kriz Mobil** Yon ekip ka vin jwenn ou pou evalye pitit ou a epi apeze sitiyasyon aktyèl la. Ekip yo resevwa fòmasyon pou sipòte timoun ak moun ki gen bezwen devlopman, bay estrateji planifikasyon sekirite epi fè rekòmandasyon pou sèvis alontèm.
- **Konsantman ki nesesè** Pitit ou a pa janm ka entène lopital oswa resevwa tretman san pèmasyon w.

Kisa mwen ka atann si mwen mennen pitit mwen nan yon sant kriz?

- **Anrejistreman ak triyaj** Yon enfimyè pral evalye pitit ou a epi bay nenpòt swen medikal ijan, si sa nesesè.
- **Evalyasyon** Yon evalyatè sante mantal pral rankontre avèk ou menm ak pitit ou a pou aprann plis sou sa ki te pase a. Evalyasyon sa a kouvri sentòm aktyèl pitit ou a, istwa sante mantal sot pase a, istwa fanmi ak sipò ki egziste deja nan kominote a.



- **Konsiltasyon sikolojik** Apre sa a, yon sikyat ap rankontre avèk ou pou ranmase plis enfòmasyon epi diskite sou nivo swen ki pi apwopriye pou pitit ou a, ki gen ladan:
 - i. Pasyan ki entène lopital ak estabilizasyon
 - ii. Ospitalizasyon pasyèl oswa pasyan ekstèn entansif
 - iii. Sèvis sante konpòtman ekstèn oswa entansif nan kominote a
- **Konsantman ki nesesè** Pitit ou a pa janm ka entène lopital oswa resevwa tretman san pèmasyon w.

Ki kalite soutyen sante konpòtmantal ki pa ijan ki disponib?

- **Sèvis pou Pasyan Ekstèn** Gen ladan terapi pale timoun dirije, terapi jwèt, oswa jesyon medikaman. Sèvis pou pasyan ekstèn yo bay entèvansyon pou pwoblèm tankou chòk, dèy oswa lòt soufrans mantal, anjeneral nan sesyon chak semèn oswa chak de semèn.
- **Intensive Behavioral Health Services (Sèvis Sante Konpòtman Entansif) (IBHS)** Gen ladan sèvis Analiz Konpòtman Aplike (ABA) (Applied Behavioral Analysis (ABA) services). IBHS bay sèvis entansif atravè terapet mobil, konsiltan konpòtmantal ak teknisyen sante konpòtmantal nan anviwònman endividyèl ak an gwoup.
- **Sèvis Fanmi** Gen ladan Parent Child Interaction Therapy (Terapi Entèraksyon Timoun ak Paran) (PCIT). Sèvis fanmi yo travay avèk paran ak timoun pou ankouraje atachman emosyonèl ak jesyon konpòtman ki pi an sante.

Kijan mwen ka fè pou evalye pitit mwen an pou sèvis sante konpòtmantal?

- **Kontakte sèvis pou manm yo pou asirans sante konpòtmantal pitit ou a.**
 - **Pou timoun ki bezwen asistans medikal Medicaid**, rele Community Behavioral Health (Sante Konpòtmantal Kominotè) (CBH) nan 888-545-2600.
 - **Pou timoun nan konte Delaware ki gen Medicaid**, rele Community Care Behavioral Health (Sante Konpòtmantal Kominotè) nan 833-577-2682.
 - **Pou asirans prive**, rele nimewo sèvis sante konpòtmantal ki sou do kat asirans pitit ou a.
- **Kontakte yon founisè sèvis dirèkteman.**
 - **Pou asistans medikal (Medicaid)**, jwenn founisè ki nan rezo a nan anyè a: <https://cbhphilly.org/members/provider-directory>.
 - **Pou asirans prive**, Ale nan anyè founisè yo sou sit entènèt asirans pitit ou a.

